



Association pour la Promotion
de la Langue Wolof en
République Islamique de
Mauritanie (APROLAWORIM)



Association pour la Renaissance
du Pulaar en République
Islamique de Mauritanie
(ARPRIM)



Association Mauritanienne
pour la Promotion de la
Langue et de la Culture
Sooninke (AMPLCS)

Xàmle

Ngir yoonal te duggalaat ni mu ware làkki réew mi ci tëralinu njàngum Muritani

Ca 1960 ak léegi copite yu bare amal nanu leen ci njàng mi ci Muritani (1959, 1967, 1973, 1979, 1984 ak 1999), yepp politik moo leen di lal ak / mbaa yenn ngëm – ngëm, te ñu amal leen ci jamp bu joge ci jafe – jafe.

Benn ci copite yooyu sukkandikuwul cib wuute aadak cosaan ci réew mi, benn ci ñoom dëppoowul ak li ñu laaj ci moom sa bopp, yokkute ak demokaraasi, rawatina bëgg – bëggu askan wi yepp. Kenn masuleen xayma ci ndeyji / seex. Jur nañu yu bare bokk ci buddi bu xóot jëm ci xale yi nga xam ni arab du làkk wi ñu nàmp.

Laaj na teg loxo ci ni, 1979 ba 1989 Muritani amaloon na ab geemant bu jaar yoon ci jàngale ci làkki réew mi yepp, arab, pulaar, sooninke ak wolof jàngleel ko doomi réew mi yepp. Ci 1979 ngir amal ab copite ci 1985 bu sukkandiku ci làkki réew mi, nguur gi taxawaloon ab daaray làkki réew mi, ngir jëmmal ci juroom benni at géemantu jàngale ci làkki réew mi, Pulaar, Sooninke, Wolof ci njàng mu làlu mi akk ci tëralini liifantu yi. Ca jeexitalu jéemant boobu ci juroom benni at, daaray làkki réew mi taxawal na ay liggéey yu ñu ràññee, waaye ganaaw xayma bu ci wone ndam, bi njëwriŋ gi yore njàng mi def ak biro Breda / Unesco ci Afrik bu sowu jënt yaatal ak copite yi ñu doon seenu, niinal nañu leen ci 1989, ndax jëmu yu bees yi nguur gi am.

Géemant bi am ndam bi nguur gi niinal te dara lu jaadu wàraluka, mënoon na nekk laltaayu mebatu duggante askan wi bu wóor, ngir bennoo bu degar te sax.

Tay soo seetee anam yu bare, sartu réew mi, njureefi géemant yu daaray làkki réew mi fi nekkoon, xët aki yoonal yi am ci adina bi, Muritani xaatim leen, (xamleb aqi doomi aadama ci adina bi, sartu afirik yu aqu doomi aadama ak askan yi m.w) yepp teg réew mi, mu aar te jëmale kanam wuuteb caada ak aqu doomu réew mu nekk ci dund ci làkkam ak caadaam, matukaay yii war nanu leen jël, ngir loolu :

- Yoonal sunuy làkki réew yepp, ngir ñu nekk ay làkki jàngale, caytu, jokkoo, kom – kom ak yokkute nekkinu askan, ci gàttal may leen ñu nekk ci bepp fànni dund réew mi.
- Duggalaat ci saasi làkki pulaar, sooninke, ak wolof ci tëralinu jàng mi, tëralinu jàng muy wóoral yemale doomi réew mi sukkandiku ci ormaal aqi làminal ak caada

Nuwaaksoot, 18 /08/2021

Mbootaayi caada ci réew mi yi ko
xaatim ARPRIM, AMPLCS ak APROLAWORIM